

### **KONTEKS / Context**

Nan kad Pwojè k ap fèt sou reyalyte fanm ak tifi andikape, ekip la ap genyen pou emprime plizyè materyèl, pou distribisyon nan divès òganizasyon estratejik pou yo entegre l nan enplementasyon *SASA !* ak *Kore Tifi* pa yo. Konsa, li bezwen yon kay empresyon ki kapab fè bon kalite empresyon sou papye bon kalite, ak livrezon Jakmèl.

### **I. OJEKTIF KONSILTASYON AN / Objective of Consultancy**

Empresyon ak livrezon kopi dokiman sa yo : 4 Afich, 3 Ti Pale, 3 Teyat ak Liv konple

### **II. DESKRIPSYON JENERAL KONTRA A ak RESKONSABILITE KONSILTAN AN / General Description of Contract & Responsibilities of Consultant**

- Fè eprè 1 nan chak kalte materyèl yo pou validasyon Jakmèl
- Disponib pou korije sa ki merite korije
- Apre apwoubasyon eprè, fè empresyon :
  - 8,800 Afich (2200 kopi chak nan 4 Afich) - 11x17 TOUT Koulè, sou papye bristol glossy rekto verso
  - 3,300 Ti Pale (1100 kopi chak nan 3 Ti Pale) - 8.5x11 TOUT Koulè, sou papye bristol glossy rekto verso
  - 660 Teyat (220 kopi chak nan 3 Teyat yo, ak 10 paj anviwon pou chak) - 8.5x11 TOUT Koulè, sou papye bristol glossy rekto verso
  - 200 kopi Liv konple « Yon Kominote Ini San Vyolans » (anviwon 120 paj) – 8.5x11 Tout koulè, sou papye nòmal ak paj kouvèti yo ak bon kalite papye di
- **Livrezon pou rive Jakmèl, Haiti**

### **III. TRAVAY POU LIVRE / Deliverables**

- Tout eprè ak kopi finalize site pi wo

### **IV. DIRE ak DAT LIMIT / Duration & Deadlines**

- Dele pou eprè : 7 jou ouvrab apre siyati kontra
- Dele pou livrezon final : 3 semenn apre siyati kontra

### **V. RESKONSABILITE DEPASE FWONTYÈ YO / Depase Fwontyè yo Responsibilities**

- Pataje tout dokiman referans, logo ak lòt
- Bay fitbak sou eprè anndan 3 jou ouvrab
- Bay 30% toutswit apre siyati kontra; epi 70% apre Beyond Borders/ Depase Fwontyè yo verifye livrezon an e apre Depase Fwontyè yo rive jwenn fakti nan men kay empresyon

### **VI. PWOFIL KANDIDA / Candidate Profile**

- Genyen kapasite ak konesans nan fè empresyon ak livrezon a lè
- Gen aksè ak papye bon kalite, jan sa presize nan tèm referans
- Disponibilite

- Bon konpetans nan kominikasyon ekri epi pale Kreyòl

#### **VII. EGZIJANS pou DEPOZE APLIKASYON / *Submission of Application***

- Yon pwofòma an **Goud** ki detaye empresyon ak livrezon ak kalite papye; dele 3 Janvyè 2021 sou [consultant@beyondborders.net](mailto:consultant@beyondborders.net)